# Ózbekistan Respublikası
# Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi
# 2024-2025 oqıw jılı
# I-sherek
# Qánigelik pánlerden shereklik summativ baxalaw test sorawları.
# 6-klass
# 1-variant

Matematika 1-25 ,Ana tili hám ádebiyatı 26-45.
(B-biliw; Q-qollaw; M-Pikirlewge baylanıslı test sorawları)

Oqıwshı (F.A.Á)...................................................................................................

**1. (B 1,3 ball)** Jup hám taq sanlar ushın tómendegi aytımlardıń durıs yaki nadurıs ekenligin anıqlań.

| № | Aytımlar | durıs | Nadurıs |
|---|---|---|---|
| 1 | Eki jup sannıń qosındısı bárqulla jup boladı | | |
| 2 | Eki taq sannıń kóbeymesi bárqulla taq boladı | | |
| 3 | Úsh taq sannıń qosındısı bárqulla jup boladı | | |

A) durıs, nadurıs, nadurıs
B) durıs, durıs, nadurıs
C) durıs, durıs, durıs
D) nadurıs, durıs, nadurıs

**2. (B 1,3 ball)** Eń úlken bir tańbalı hám eń kishi eki tańbalı ápiwayı sanlardıń qosındısın tabıń.

A) 18 B) 20 C) 24 D) 19

**3. (B 1,3 ball)** Tómendegi bólsheklerden neshewi $\frac{48}{60}$ ge teń:

$$\frac{3}{7};\ \frac{8}{10};\ \frac{24}{30};\ \frac{4}{5};\ \frac{16}{24}$$

A) 2 B) 1 C) 4 D) 3

**4. (B 1,3 ball)** Óz ara keri bolgan sanlar juplıǵın tabıń hám sáykes qoyıń.

| | |
|---|---|
| 1. $\frac{7}{10}$ | A. $\frac{4}{7}$ |
| 2. $1\frac{3}{4}$ | B. $\frac{8}{10}$ |
| 3. $\frac{5}{4}$ | C. $\frac{10}{7}$ |
| | D. $1\frac{1}{5}$ |

A) 1 – C; 2 – D; 3 – B.
B) 1 – D; 2 – B; 3 – A.
C) 1 – C; 2 – A; 3 – B.
D) 1 – D; 2 – A; 3 – C.

**5. (Q 1,6 ball)** Mına $54*+248$ qosındı 2 ge bóliniwi ushın juldızsha $(*)$ ornına qoyıw múmkin bolǵan cifrlardıń qosındısın tabıń.

A) 16 B) 18 C) 20 D) 22

**6. (Q 1,6 ball)** 3 ke bólinetuǵın biraq 9 ǵa bólinbeytuǵın dáslepki 5 eki tańbalı sanlardıń qosındısın tabıń.

A) 92 B) 102 C) 99 D) 105

**7. (Q 1,6 ball)** Tómendegi kóbeytiwshiler teregin toltırıń hám dóńgeleklerge tuwra keletuǵın sanlardıń qosındısın tabıń.




A) 12 B) 60 C) 18 D) 9

**8. (Q 1,6 ball)** 6-klasta 54 ul bala hám 36 qız bala oqıydı. Usı oqıwshılardan birdey quramlı (qızlar sanı da teń, ul balalar sanı da teń) toparlar dúzildi. Hár bir topardaǵı ul balalar sanı e'n kemi menen qansha bolıwın tabıń

A) 3 B) 6 C) 4 D) 18

**9. (Q 1,6 ball)** 18, 27 hám 30 sanlarınıń EKUEin tabıń.

A) 90 B) 540 C) 180 D) 270

**10. (Q 1,6 ball)** Teńlemeni sheshiń. $\frac{4}{5}=\frac{12}{x+8}$

A) 9 B) 6 C) 8 D) 7

**11. (Q 1,6 ball)** $\frac{5}{9}$ hám $\frac{3}{4}$ sanlar arasında bólimi 36 ǵa teń bolǵan neshe bólshek bar?

A) 8 B) 7 C) 6 D) 9

**12. (Q 1,6 ball)** Bólsheklerdi qısqartıń, sońınan ulıwma bólimge keltiriń.

$$\left(\frac{14}{35};\frac{12}{32}\right)$$

A) $\left(\frac{14}{40};\frac{15}{40}\right)$ B) $\left(\frac{16}{40};\frac{15}{40}\right)$ C) $\left(\frac{16}{40};\frac{18}{40}\right)$ D) $\left(\frac{14}{40};\frac{18}{40}\right)$

**13. (Q 1,6 ball)** Berilgen sanlardı ósiw tártibinde jaylastırıń:

$$a=\frac{9}{10};\ b=\frac{4}{5};\ c=\frac{13}{15};\ d=\frac{28}{30}$$

A) $b<c<d<a$
B) $b<c<a<d$
C) $c<b<a<d$
D) $d<a<c<b$

**14. (Q 1,6 ball)** $A$ nıń mánisin tabıń.

$$\frac{2}{5}+\frac{7}{15}+\frac{A}{45}=\frac{8}{9}$$

A) 0 B) $\frac{1}{45}$ C) 1 D) 3

**15. (Q 1,6 ball)** Úshmúyeshliktiń tárepleri $\frac{2}{9}$ m, $\frac{13}{18}$ m hám $\frac{41}{45}$ m ge teń. Usı úshmúyeshliktiń perimetrin tabıń.

A) $1\frac{77}{90}$ B) $1\frac{71}{90}$ C) $2\frac{7}{90}$ D) $2\frac{3}{90}$

**16. (Q 1,6 ball)** Teńlemeni sheshiń:

$$\left(x-2\frac{13}{14}\right)-1\frac{6}{7}=3\frac{17}{42}$$

A) $8\frac{4}{21}$ B) $8\frac{4}{42}$ C) $7\frac{4}{21}$ D) $9\frac{4}{42}$

**17. (Q 1,6 ball)** Esaplań:

$$\frac{28}{75}\times\frac{3}{4}\times\frac{5}{7}$$

A) 1 B) 5 C) $\frac{1}{3}$ D) $\frac{1}{5}$

**18. (Q 1,6 ball)** Esaplań: $3\frac{3}{17}\times 5\frac{2}{3}$

A) $\frac{1}{15}$ B) 18 C) $\frac{1}{18}$ D) 15

**19. (Q 1,6 ball)** Avtomobil 54 km/h tezlik penen 2 saat 10 minut, 60 km/h tezlik penen 2 saat 45 minut jol júrdi. Avtomobil jámi neshe km jol júrgen?

A) 332 km B) 248 km C) 282 km D) 292 km

**20. (Q 1,6 ball)** Úshmúyeshliktiń perimetri 72 cm ge teń. Onıń bir tárepi perimetrdiń $\frac{1}{3}$ bólegine, ekinshi tárepi $\frac{5}{18}$ bólegine teń bolsa, úshmúyeshliktiń úshinshi tárepiniń uzınlıǵın tabıń.

A) 28 cm B) 26 cm C) 32 cm D) 24 cm

**21. (Q 1,6 ball)** Buyımnıń bahası 24000 som edi. Buyım bul bahanıń aldın $\frac{1}{4}$ bólegine arzanladı. Keyin jańa bahasınıń $\frac{2}{5}$ bólegine arzanladı. Belgili bir waqıttan soń buyım aqırǵı bahanıń $\frac{1}{3}$ bólegine qımbatladı. Nurlannıń 15000 som pulı bar. Onıń pulı bul buyımdı satıp alıw ushın jeteme?

A) awa jetedi, 400 som artıp qaladı ;

B) awa jetedi, 600 som artıp qaladı ;

C) yaq jetpeydi, 600 som kerek boladı;

D) yaq jetpeydi, 400 som kerek boladı;

**22. (Q 1,6ball)** Ańlatpanıń mánisin $a=\frac{9}{34}$ bolǵanda esaplań:

$$2\frac{11}{15}\times a+1\frac{3}{5}\times a-\frac{14}{15}a$$

A) $\frac{9}{15}$ B) $\frac{8}{10}$ C) $\frac{9}{10}$ D) $\frac{4}{10}$

**23. (M 2 ball)** Eger EÚUB$(a,b) = 72$ hám EKUE$(a,b) = 432$ bolıp, $a$ hám $b$ sanları bir-birine bólinse, $a + b$ nı tabıń.

A) 300 B) 320 C) 280 D) 360

**24. (M 2 ball)** Esaplań:

$$\frac{1}{12} + \frac{1}{20} + \frac{1}{30} + \frac{1}{42} + \cdots + \frac{1}{306}$$

A) $\frac{5}{18}$ B) $\frac{7}{18}$ C) $\frac{1}{3}$ D) $1\frac{5}{18}$

**25. (M 2 ball)** Bos basseyn birinshi truba arqalı 10 saatta, eki truba arqalı 15 saatta toladı. Eki truba birdey waqıtta ashılsa, birgelikte usı basseyndi neshe saatta toltıradı?

A) 8 saatta B) 6 saatta C) 5 saatta D) 4 saatta

**26. (B 1,5 ball)** Qaysı juwaptaǵı sózler durıs jazılǵan?

A) azańǵı
B) Orıngúl
C) Sársembay
D) dutar

**27. (Q 2 ball)** Berilgen sózlerdi orın tártibi menen durıs jayǵastırıp Rasul Gamzatovqa tiyisli hikmetli sózdi tabıń.

***1. búgin 2. ırzaman 3. joǵalar bolsa 4. ólip ketkenime 5. ana tilim 6. erteń***

A) 6, 4, 2, 1, 5, 3.
B) 6, 5, 3, 1, 4, 2.
C) 2, 4, 3, 1, 5, 6.
D) 3, 5, 6, 2, 4, 1.

**28. (Q 2 ball)** Berilgen sózlerdiń antonimlerin durıs tabıń.

| | |
|---|---|
| 1. dana | A. nadan |
| 2. saqıy | B. tereń |
| 3. sayız | C. ızǵar |
| 4. qurǵaq | D. sıqmar |

A) 1–D, 2–B, 3–C, 4–A
B) 1–A, 2–D, 3–C, 4–B
C) 1–B, 2–C, 3–A, 4–D
D) 1–A, 2–D, 3–B, 4–C

**29. (B 1,5 ball)** Qaysı juwaplarda menshikli atlıqlar berilgen?

A) TU–154, «Ayqulash» ansambli, meteorit
B) Gúlbanıw, paraxat, «Ámiwdárya» jurnalı
C) Tınısh okeanı, QMU, gerbish
D) Aral teńizi, Shomanay, Salamat

**30. (Q 2 ball)** Teksttegi feyil sózlerge tiyisli betlik jalǵawların jalǵań.

**A.** *–dı,* **B.**– *dıq* **C.** – *yıq* **D.** *–dim,*

*– Júr meniń eki baw otımdı da seniń eshegińe artıp qayta__(1), bola ma? Men «boladı» dep basımdı iyze____(2). Paxta atızdıń shetindegi tıǵılıp turǵan suwshiginnen bir maydanda bes–altı bawın orıp tasla____(3). Bir waqıtları paxtakeshlerdiń mádeniy sherteginen magnitofonnan muzıkanıń jańlaǵan sesti qulaǵımızǵa sap ete qal____(4).*

A) 1–A, 2–B, 3–C, 4–D
B) 1–B, 2–C, 3–D, 4–A
C) 1–C, 2–D, 3–B, 4–A
D) 1–D, 2–B, 3–A, 4–C

**31. (Q 2 ball)** Berilgen gápte qaysı irkilis belgileri túsirilip qaldırılǵan?

*Miyrim–shápáátlik eń aldı menen til–zibanı joq janlı–jánliklerge japıraqları jasıl dónip jawdırap adamlarǵa óziniń sayasın tógip turǵan tereklerge hazar bermewden baslanadı*

A) útir, útir, noqat
B) útir, sızıqsha, noqat
C) qos noqat, útir, noqat
D) útir, noqat, soraw

**32. (Q 2 ball)** ***Kesel*** sóziniń sinonimleri berilgen juwaptı durıs tabıń.

A) nawqas, sırqaw, biytap

B) saw, sulıw, biytap

C) qáste, awırıw, tetik

D) saw, tetik, salamat

**33. (Q 2 ball)**Qaysı juwaptaǵı qospa sózler nadurıs jazılǵan?

A) Bestóbe, Xalqabad, Qarataw

B) bilezik, túye tawıq, tas baqa

C) Xoja eli, Altın kól, Qara taw

D) Ámiwdárya, Altın kól, Aral teńizi

**34. ( Q – 2 ball)** Berilgen gápte feyil qaysı bet, qanday sanda kelgen?

***Únemlew arqalı ǵana biz planetamızdaǵı tirishilik turaqlılıǵına erisemiz.***

A) I bet, birlik san

B) I bet, kóplik san

C) II bet, kóplik san

D) III bet, kóplik san

**35. (Q 2 ball)** Berilgen gápte siltew almasıqları neshe jerde qollanılǵan?

***Áne, kóp waqıt sol kompyuter menen telefonnan kóz almay otırıw siziń kózińizdi sharshatqan, bul kóz nurıńızdıń páseyiwine de alıp keledi.***

A) 1 jerde B) 4 jerde C) 2 jerde D) 3 jerde

**36. (B 1,5 ball)** «Internatta» gúrrińiniń qaharmanları kimler?

A) Jamal, Turdımurat, Mariya

B) Ulbosın, Tóresh, Jumash

C) Ulbosın, Mariya, Azat

D) Jumash, Petka, Sapar

**37. (B 1,5 ball)**I.Yusupovtıń «Dala ármanları» poemasındaǵı «gúm–gúm» ne?

A) ıssı qurǵaq samal

B) kesirtkeniń bir túri

C) shaytan

D) miyweli ósimlik

**38. (Q 2 ball)**«Internatta» gúrrińindegi túsirilip qaldırılǵan sózdi tabıń.

*– Tóresh...jan–aw! Arqańdaǵı* _____________ *di alıp bershi, qaraǵım! – dedi hayal.*

A) kórpesheńdi

B) qapshıǵıńdı

C) úkeńdi

D) shekiyneńdi

**39. (Q 2 ball)** Sh.Seytovtıń «Kóp edi ketken tırnalar» povestindegi Petkanıń kókiregindegi jazıwdıń qaraqalpaqshası qalay aytıladı?

A) Ákem – asqar tawım.

B) Jeńis!

C) Urısqa mıń nálet!

D) Anajanımdı umıtpayman!

**40. (Q 2 ball)** Sh.Seytovtıń «Kóp edi ketken tırnalar» povestinde Petka basınan ótkenlerin Saparǵa qalay túsindirdi?

A) Ózi haqqında video qoyıp berdi

B) Ímlap túsindirdi

C) Jerge jazıw arqalı

D) Ómirbayanı jazılǵan qaǵazdı kórsetti

**41. (M 3 ball)** Sh.Seytovtıń «Kóp edi ketken tırnalar» povestinde balalar ne ushın tırnalarǵa qarap qosıq aytqan?

A) Urıstaǵı ákelerinen xabar kútkenlikten

B) Tırnalardıń ushqanın qızıq kórgeni ushın

C) Úyinde baqqan tırnalarınıń párwazın kóriw ushın

D) Tırnalar tınıshlıq ákeledi dep isengeni ushın

**42. (Q 2 ball)** B.Genjemuratovtıń «Mode xan sózi yaki shın jipegindegi bitik» poemasında Mode xan qaysı ideyanı óz uranı qıladı?

A) Mámlekettiń tiykarı jer boladı

B) Jánnet – analar ayaǵı astında

C) Ákege qarap ul óser

D) Shańaraq – muqaddes

**43. (M 3 ball)** B.Genjemuratovtıń «Mode xan sózi yaki shın jipegindegi bitik» poemasında Mode xan ne ushın Shın patshasınıń talapların orınlap turdı?

A) Shınmashın patshasınan qorqqanı ushın

B) Mode xan ushın olardıń qádiri joq edi

C) Waqıttan utıp, ásker toplap alıwı ushın

D) Óz xalqına qarsı barǵanı ushın

**44. (Q 2 ball)** A.Qahhardıń «Urı» gúrrińinde Qabıl ata qazıǵa baratırıp qansha pul aparıwdı kempiri menen oylasqanda, qaysı naqıldı qollanadı?

A) Densawlıq – tereń baylıq

B) Beresige besew kóp, alasıǵa altaw az

C) Kitap oqıǵan ozar, oqımaǵan tozar

D) Eldiń mápi – meniń mápim

**45. (Q 2 ball)** A.Qahhardıń «Urı» gúrrińinde qanday mashqala sóz etilgen?

A) Sóylew mádeniyatı

B) Perzent tárbiyası

C) Kiyiniw mádeniyatı

D) biypárwalıq, sawatsızlıq

PEDAGOGIK MAHORAT VA XALQARO
BAHOLASH ILMIY-AMALIY
MARKAZI